# TAXTAKÓPIR RAYONÍ XALQÍ HÁM QARATEREŃ ETNOTURISTLIK KOMPLEKSI

**Oteuliev M.O.,**
*Berdaq atındağı Qaraqlapaq mámleketlik universiteti docenti w.w.a., geografiya ilimleri boyınsha filosofiya doktorı (PhD)*

**Atamuratov I.A.,**
*Ájiniyaz atındağı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı magistrantı*

**DOI:** https://doi.org/10.5281/zenodo.15170500

Taxtakópir rayonı Qaraqalpaqstan Respublikasınıń arqa-shığıs, Qızılqum shóliniń arqa-batıs hám Aral teńiziniń qubla-shığıs bóliminde jaylasqan. Onıń jer maydanı 21,1 mıń kv km di quraydı. Rayon xalqı 2024-jıl 1-yanvar sánesi mağlıwmatları boyınsha 38,9 mıń adamğa jetip, onıń tığızlığı 1 kv km ge ortasha 1,8 adamğa tuwrı keledi. Rayonda mámleketimiz xalqınıń (2002,7 mıń adam) 1,9% xalqı jasaydı. Rayonıń ulıwma shegaralarınıń uzınlığı 697,7 km di quraydı Rayon arqa–shığısta Qazaqstan Respublikasınıń Qızıl-Orda wálayatı (105 km) hám shığısta Ózbekstan Respublikasınıń Nawayı wálayatı (99,3 km) menen, sonday-aq, Qaraqalpaqstannıń qublada Ellikqala (102,8 km), Beruniy (81,7 km), batısta Qaraózek (183,2 km), Moynaq rayonları (125,9 km) menen shegaralasadı. Rayonnıń administratıvlik orayı – Taxtakópir qalashası.

Taxtakópir rayonı 1928-jılı 10-mayda dúzilgen. Ol 1963-jılı Shımbay rayonına birlestirilgen hám 1965-jıl 29-dekabr kúni jáne usı Taxtakópir ataması menen óz aldına rayon bolıp ajıralıp shıqqan.

Statistikalıq mağlıwmatlarğa qarağanda izertlenip atırğan Taxtakópir rayonı xalqınıń sanı 2024-jıl 1-yanvarında 38,9 mıń adamdı quradı. Bul kórsetkish respublika boyınsha 2002,7 mıń adamdı qurap, rayonda respublika xalqınıń 1,9 % i jasaydı. Ortasha 1 kv km maydanğa 1,8 adamnan tuwra keledi. Rayon xalqı rayon aymağında burınnan otırıqshı xalıqlar bolıp esaplanadı.

Keyingi jıllarda respublikamız aymağında ekologiyalıq sharayattıń keskinlesiwi rayondağı óndirislik hám sociallıq tarawdağı qıyınshılıqlar hám basqa da sebeplerge baylanıslı rayon xalqınıń tábiyiy ósiw dárejesi biraz tómenlegenin kóriwimizge boladı. Bul process rayon xalqınıń ósiw dinamikasına tikkeley tásirin tiygizbekte. Rayon xalqınıń ósiw dinamikası, sonıń ishinde qala hám awıl xalqının ósiw dinamikasın hám procentlik kórsetkishlerin tómendegi kesteden kóriwimizge boladı (1-keste).

**1-keste**

**Taxtakópir rayonı xalqınıń ósiw dinamikası**

| Jıllar | Rayonnıń barlıq xalqı mıń adam | Usınnan | | | | Xalıqtıń tıǵızlıǵı |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | Qala xalqı | % esabında | Awıl xalqı | % esabında | |
| 2014 | 38,7 | 16,3 | 42,1 | 22,4 | 57,9 | 1,8 |
| 2015 | 38,8 | 16,3 | 42 | 22,5 | 58 | 1,8 |
| 2016 | 39,1 | 16,4 | 41,9 | 22,7 | 58,1 | 1,8 |
| 2017 | 39,4 | 16,5 | 41,8 | 22,9 | 58,2 | 1,9 |
| 2018 | 39,7 | 16,6 | 41,8 | 23,1 | 58,2 | 1,9 |
| 2019 | 39,9 | 16,7 | 41,8 | 23,2 | 58,2 | 1,9 |
| 2020 | 40,2 | 16,9 | 42 | 23,3 | 58 | 1,9 |
| 2021 | 40,4 | 16,9 | 41,8 | 23,5 | 58,2 | 1,9 |
| 2022 | 40,6 | 17,1 | 42,1 | 23,5 | 57,9 | 1,9 |
| 2023 | 39 | 16,8 | 43 | 22,2 | 57 | 1,8 |
| 2024 | 38,9 | 16,7 | 42,9 | 22,2 | 57,1 | 1,8 |

Keste Qaraqalpaqstan Respublikası Statistika basqarması maǵlıwatları tiykarında dúzildi

Kestedegi maǵlıwmatlardan biliwimiz múmkin rayon xalqı 2014-2024-jıllar aralıǵında yaǵnıy sońǵı 10 jıl dawamında ulıwma 200 adamǵa ǵana yamasa 101% ke kóbeygen. Eger 2014-jılı rayon xalqı 38,6 mıń adamdı quraǵan bolsa, 2024-jılı bul kórsetkish 38,9 mıń adamdı quradı. Rayon xalqınıń jıllıq ósimi ortasha jılına 1,0-1,1% ti quramaqta, yaǵnıy bul 100-300 adam degen sóz. Rayon xalqı 2014-jıldan 2022-jılǵa shekem turaqlı 100-200 adamǵa kóbeyip turǵan bolsa, 2023-jıldan bul kórsetkish keri tárepke óskenligin kóriwimiz múmkin. Buǵan tiykarǵı sebep, rayon aymaǵında jasap keliwshi qazaq milletine tiyisli bolǵan xalıqlardıń qońsı Qazaqstan hám basqa aymaqlarǵa kóship atırǵanlıǵı bolıp esaplanadı.

Házirgi kúnde rayon boyınsha medicinalıq xızmet kórsetiw boyınsha 143 orınlıq rayonlıq oraylıq emlewxana, 12 ambulator-poliklinikalar islep tur.

Taxtakópir rayonı boyınsha xalıqtıń bilim dárejesin jaqsılaw boyınsha birqansha jumıslar alıp barılmaqta. Búgingi kúnde xalıqtıń bilim dárejesin arttırıwda 24 ulıwma bilim beriw mekemeleri (7,3 mıń oqıwshı), 1 kásip-óner mektebi (192 oqıwshı), 16 mektepke shekemgi bilim mekemeleri (2,2 mıń bala) islep tur. Rayon aymaǵında xalıqtıń den-sawlıǵın jaqsılawda hám mádeniy dem alıwı ushın sport zalları, futbol-sport maydanshaları, kitapxanalar, 1 mádeniyat sarayı 1 balalar muzika mektebi rayon xalqına xızmet kórsetpekte.

Keyingi izertlewlerde rayon ushın social demografiyalıq tárepten xalıqtıń tábiyiy kóbeyiwi, migraciya saldosı, xalıqtıń salamatlıǵı boyınsha mashqalalar, tábiyiy ekologiyalıq tárepten qudıq suwı hám ashıq suw basseynleriniń talapqa juwap bermewi sıyaqlı mashqalalı máseleler áhmiyetli bolıp tabıladı. Ekonomikalıq mashqalalardan ortasha is haqınıń azlıǵı, xalıq jan basına pullıq xızmetler hám

banklerdegi amanatlar kóleminiń azlıǵı, bántlik dárejesiniń tómenligi, kem támiyinlengen xalıq úlesiniń respublikaǵa salıstırǵanda kópligin keltirip ótiw múmkin. Ulıwma alǵanda, rayonnıń social-ekonomikalıq rawajlanıwına kompleks jandasıw, innovaciyalıq kishi kárxanalardı qurıw hám xalıqqa xızmet kórsetiwshi infrastrukturanı rawajlandırıw zárúr.

Sonday-aq, mámleketimizde turizm tarawın ekonomikanıń jetekshi kúshine aylandırıw, strukturalıq ózgertiw hám turaqlı rawajlandırıw, jaratılatuǵın jalpı ishki ónimde, jergilikli byudjet dáramatlarında turizmniń úlesin kóbeytiw, bántlikti támiyinlew, xalıqtıń turmıs dárejesin hám sapasın arttırıw maqsetinde kóplegen is-ilájlar alıp barılmaqta. Sonday-aq, húkimetimiz tárepinen bir qansha qararlar qabıl etilmekte. Atap aytqanda, Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń 2022-jıl 28-sentyabrdegi "2022-2026-jıllarda Qaraqalpaqstan Respublikasınıń turizm potencialın rawajlandırıw boyınsha qosımsha is-ilájlar haqqında"ǵı 545-sanlı Qararına muwapıq Taxtakópir rayonı "Qarateréń" APJ aymaǵındaǵı "Bórshitaw" tawı "Qarateréń" kóli aymaǵında ekoturizm ornı hám plyaj zonaların shólkemlestiriw belgilengen bolıp, Taxtakópir rayonındaǵı eń úlken kól esaplanǵan Qarateréń kóli (maydanı 126 km$^2$) boyında 2024-jıldıń 15-oktyabr kúni jańadan qurılǵan, hesh jerde uqsası joq milliy kolorittegi Qarateréń etnoturistlik kompleksi ashılıp paydalanıwǵa tapsırıldı. Házirgi kúnde bul dem alıw ornı xalqımızdıń dem alıwı ushın xızmet etip atırǵan payızlı orınlar qatarına kiredi (1-súwret).



**1-súwret. Qarateréń etnoturistlik kompleksiniń joqarıdan kórinisi**

**Paydalanılǵan ádebiyatlar:**

1. O‘zbekiston Respublikasi Vazirlar Mahkamasining 28.09.2022-yildagi “2022-2026-yillarda Qoraqalpog‘iston Respublikasining turizm salohiyatini rivojlantirish bo‘yicha qo‘shimcha chora-tadbirlar to‘g‘risida”gi 545-sonli Qarori.
2. Allanazarov K.J., Baltabayev O.O. Taxtakópir rayonı toponimleri (Monografiya). – Nókis, ILIMPAZ, 2024. – 80 b.
3. Eshimbetov U. et al. Territorial composition of agriculture in the Aral Sea Region of Uzbekistan //E3S Web of Conferences. – EDP Sciences, 2024. – T. 510. – C. 01040.
4. Турдимамбетов И.Р., Отеулиев М.О. Қорақалпоғистон Республикаси аҳоли турмуш сифатининг худудий тафовутлари (Монография). – Т.: Zebo prints, 2023. – 148 б.
5. https://qrstat.uz/uz/
6. https://karakalpakstan.travel/media-and-resources-10/?lang=qr